

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Fungsi utama tina basa nyaéta salaku pakakas atawa alat komunikasi jeung interaksi antarmanusa. Sakumaha anu ditétélakeun ku (Chaer & Agustina, 2010, kc. 14) komunikasi jadi média ngébréhkeun gagasan, pikiran, konsép, atawa rasa nu bisa dilakukeun sacara lisan atawa tulisan. Makéna basa dina komunikasi gumantung kana kontéks situasi anu ahirna muncul rupaning ragam basa. Dina komunikasi tangtuna henteu ngan saukur komunikasi sacara formal, tapi bisa waé hal-hal anu pikalucueun atawa humor diselapkeun dina waktu komunikasi, salaku alat pikeun ngaleungitkeun kabosen dina nyanghareupan kahirupan sapopoé (Setiawan dina Widjajanti, 2017). Tapi, kudu merhatikeun jeung saha nyaritana, di mana tempatna, iraha waktuna, sarta kumaha suasanana.

Makéna basa boh lisan boh tulisan, bisa lumangsung dina kedaling biasa, kedaling humoris, bisa kedaling campuran duanana (Sudaryat, 2020, kc. 45). Humor mangrupa salah sahiji bentuk budaya nu universal, leuwih tegesna sacara implisit taya jalma anu henteu pernah ngalucu atawa ngahumor (Soedjatmiko dina Widjajanti, 2017; Yuniawan, 2005). Nu ngabédakeun humor antara hiji jalma jeung jalma nu séjén nyaéta palebah frékwénsi jeung tujuan humorna. Aya jalma nu seléra humorna luhur jeung handap. Jalma bisa seuri atawa henteu ku humor gumantung kana kakuatan humor tina ucapan atawa éksprési. Ieu hal bisa dipangaruhan ku kaayaan haté anu kurang alus atawa keur gering (Sudaryat dina Anshori spk., 2020). Ieu pamadegan luyu jeung nu ditétélakeun ku (Widjajanti, 2017) humor miboga sipat anu unik sabab lucu dina humor henteu sarua keur hiji jalma jeung jalma nu séjén.

Humor bisa muncul lamun aya sababna, nyaéta hal nu matak nyieun urang seuri anu disebut daya humoris. Daya humoris museur kana kakuatan wacana atawa tuturan basa dina nyieun hal anu pikaseurieun, seuri leutik, sempal guyon, ogé bobodoran nu bisa dijadikeun alat pikeun ngurangan suasana haté nu kurang alus boh nyingkahan rasa kasedih, kasieun, ngaleungitkeun kaambek, méré rasa seger,

jeung *penyejuk* batin (Sudaryat dina Anshori spk., 2020; Hartanti, 2008; Septiadi, 2021).

Dina basa Sunda, wacana humoris wangun tulisan ébréh dina majalah manglé bagéan rubrik “Barakatak” anu eusina ngeunaan carita-carita humor. Dina wangun lisan wacana humoris nyampak dina akun *youtube* @Cangehgarr Official. Lian ti éta, aya dina Instagram nu magrupa salasihiji média sosial nu réa dipaké ku masarakat saperti akun *intagram* @uc\_\_\_\_i. Kontén nu diapungkeun dina akun *Instagram* @uc\_\_\_\_i réa diselapan ku humor nu biasa nyampak dina kahirupan sapopoé, nu jadi ciri tina konténna nyaéta Marimar, Ema, jeung Euceu nu jadi tokoh utamana. Ku lantaran kontén nu diapungkeun dina *instagram* @uc\_\_\_\_i réa ngagunakeun basa Sunda, masyarakat nu nongton lain urang sunda sok aya nu teu ngarti kana humor nu ditepikeun dina éta kontén sok sanajan aya tarjamahan kana bahasa Indonesia tapi humor nu nyampak dina éta kontén jadi kurang katepikeun. Lian ti éta, kulantaran dina waktu komunikasina diselapan ku humor, anu akhirna sok ngarempak kana aturan kaédah katatabasaan.

Nu jadi dasar élmu dina ieu panalungtikan nyaéta élmu pragmatik lantaran maluruh sagala hal kaasup struktur basa nu jadi alat komunikasi antara panyatur jeung lawan tuturna. Nu jadi bahan pikeun analisis dina ieu panalungtikan téh nyaéta wanda, prinsip, fungsi, jeung daya humoris sabab dina objék nu rék ditalungtik réa pisan ucapan anu ngandung unsur humor.

Tulisan ngeunaan wacana humoris geus réa di antarana waé, “Literasi Humor Bahasa Sunda Dalam Wacana Tulis” (Sudaryat, 2020a). Panalungtikan dina wangun skripsi ngeunaan wacana humoris geus réa dilakukeun ku panalungtik saméméhna nu rélevan jeung ieu panalungtikan di antarana waé “Analisis Wacana Humor Media Sosial Instagram dalam akun “Si Sableng” (Fauzi, 2017) nu hasil panalungtikanana ngébréhkeun sababaraha hal ngeunaan ragam bentuk, makna jeung pesen, sarta kasang tukang ayana wacana humor. Dina skripsi basa Sunda aya “Polah Ucap Humoris dina Drama “Juragan Hajat” karya Kang Ibing pikeun Bahan Pangajaran Aprésiasi Drama Kelas XI (Ulukan Pragmatik)” (Oktaviani, 2018). “Polah Ucap Humoris dina Naskah Drama Duriat Bejad Karya Dhipa Galuh Purba (Ulukan Pragmatik)” (Meganisha, 2018). “Prinsip Rukun Gawé dina Wacana Humor Rubrik “Barakatak” Majalah Manglé” (Islamiati, 2018). “Tindak Tutur

Humoris dina Naskah Longsér “Géhgér Cigorowék” Karya Dhipa Galuh Purba (Tilikan Sosiopragmatik)”(Maulana, 2019). “Polah Ucap jeung daya Humoris dina Akun Resmi Instagram @kangcartoon” (Maulina, 2020). “Wacana Humoris dina Kontén Youtube @CangehgarrOfficial (Ulikan Sosiopragmatik)”(Septiadi, 2021) hasil panalungtikanana kapaluruh aya 60 data wacana humoris anu dianalisis luyu jeung wanda polah ucap humoris, fungsi polah ucap humoris, daya humoris sarta pola interaksi pragmatikna.

Ieu panalungtikan ampir sarua jeung panalungtikan nu dilakukeun ku Maulina (2020) jeung Septiadi (2021), ari bédana jeung panalungtikan saméméhna nyaéta objék panalungtikanana jeung rumusan masalah nu dipedarna. Sumber data ieu panalungtikan nyaéta wacana humoris nu aya dina média sosial *Instagram @uc\_\_\_\_i*.

Hasil panalungtikan nu bakal kaguar penting pikeun mikanyaho wanda, prinsip, fungsi jeung daya humoris nu aya dina kontén *reels instagram @uc\_\_\_\_i*. Luyu jeung pedaran di luhur, ieu panalungtikan anu judulna “Analisis Wacan Humoris dina Kontén *Reels Akun Instagram @uc\_\_\_\_i* (Ulikan Pragmatik)” perlu dilaksanakeun.

## 1.2 Rumusan Masalah

Sangkan leuwih babari maluruh kana masalah nu aya dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Wanda polah ucap humoris naon waé nu aya dina kontén *Instagram @uc\_\_\_\_i*?
- 2) Kumaha prinsip polah ucap humoris dina kontén *Instagram @uc\_\_\_\_i*?
- 3) Kumaha fungsi polah ucap humoris dina kontén *Instagram @uc\_\_\_\_i*?
- 4) Kumaha daya humoris dina kontén *Instagram @uc\_\_\_\_i*?

## 1.3 Tujuan Panalungtikan

### 1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum tujuan tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun maluruh jeung ngadéskripsikeun Wacana Humoris dina kontén *Reels Akun Instagram @uc\_\_\_\_i* (Ulikan Pragmatik).

### 1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan ngadéskripsikeun opat hal, nyaéta

- a) Wanda polah ucap humoris dina kontén *Instagram @uc\_\_\_\_\_i*;
- b) Prinsip polah ucap humoris dina kontén *Instagram @uc\_\_\_\_\_i*;
- c) Fungsi polah ucap humoris dina kontén *Instagram @uc\_\_\_\_\_i*; jeung
- d) Daya humoris dina kontén *Instagram @uc\_\_\_\_\_i*.

## 1.4 Mangpaat

### 1.4.1 Mangpaat Téoritis

Sacara téoritis mangpaat tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun nambahan jeung ngeuyeuban élmu pangaweruh dina widang kabasaan hususna widang pragmatik. Ari sababna, anu didadarkeun nyaéta polah ucap humoris, prinsip polah ucap humoris, fungsi polah ucap humoris, jeung daya humoris dina wacana humoris kontén *Instagram @uc\_\_\_\_\_i*.

### 1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis tina ieu hasil panalungtikan nyaéta

- a) Pikeun panalungtik, ieu hasil panalungtikan bisa ngajembaran jeung ngeuyeuban élmu pangaweruh dina widang basa sarta jadi dadasar pikeun panalungtikan satuluyna.
- b) Pikeun mahasiswa jeung siswa, ieu hasil panalungtikan bisa nambahan élmu pangaweruh sarta bisa dijadikeun référénsi polah ucap humoris dina média sosial.
- c) Pikeun guru, ieu hasil panalungtikan bisa dijadikeun bahan référénsi dina ulikan pragmatik hususna polah ucap jeung daya humoris basa Sunda.
- d) Pikeun masarakat umum, ieu hasil panalungtikan bisa nambahan élmu pangaweruh ngeunaan humor dina média sosial.

## 1.5 Raraga Tulisan

Sistematika dina ieu tulisan ngawengku lima bab, saperti ditataan ieu di handap.

Bab I Bubuka, eusina medar kasangtukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan nu ngawengku tujuan umum jeung husus, mangpaat panalungtikan nu ngawengku mangpaat téoritis jeung praktis, sarta raraga tulisan.

Bab II Ulikan Téori, ieu bab medar ngeunaan téori anu aya patalina jeung wacana, humor, polah ucap minangka ulikan pragmatik, prinsip, fungsi, wanda, jeung daya humoris. Dina ieu bab aya ogé panalungtikan saméméhna jeung raraga mikir.

Bab III Métoeu Panalungtikan, eusina medar ngeunaan desain panalungtikan jeung sumber data panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan jeung téhnik ngolah data.

Bab IV Hasil jeung Pedaran, dina ieu bab medar ngeunaan hasil panalungtikan dumasar kana hasil analisis data anu dilakukeun.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi, ieu bab ngadéskripsikeun kacindekan tina hasil panalungtikan, implikasi, jeung rékoméndasi pikeun panalungtikan satuluyna.